



HELPZ Zouti Deteksyon Blesi nan Sèvo (Modifye)

1. Èske w te janm frape nan tèt ou, trangle oswa toufe? Wi Non
2. Si wi, kijan sa te rive? Tcheke tout sa ki aplike.
 - a. Jwe espò
 - b. Monte yon bisiklèt
 - c. Soti nan yon chit /tonbe
 - d. Soti nan yon atak oswa batay
 - e. Soti nan yon aksidan machin
 - f. Soti nan yon lòt bagay? Si wi, kisa?
3. Kilè sa te rive? Tcheke tout sa ki aplike.
 - a. Nan mwa ki sot pase a
 - b. Nan ane ki sot pase a
 - c. 1-2 ane de sa
 - d. 3-5 ane de sa
 - e. Plis pase 5 ane de sa
4. Konbyen fwa tèt oswa kou w te fè w mal?
 - a. 1-3
 - b. 4-6
 - c. Plis pase 6
 - d. Pa sèten
5. Èske yo te janm wè w nan saldijans, lopital, oswa yon doktè akoz ou te frape nan tèt ou oswa akoz ou te trangle oswa toufe? Wi Non
6. Èske yo te ba w rekòmandasyon pu vizit swivi? Wi Non
7. Èske ou te swiv rekòmandasyon yo? Wi Non
8. Èske ou te endispoze oswa pèdi konsyans akoz ou te frape nan tèt oswa akoz ou te trangle oswa toufe? Wi Non
9. Si wi, pandan konbyen tan ou te endispoze oswa pèdi konesans:
 - a. Kèk minit
 - b. Èdtan
 - c. Jou
 - d. Pa sèten

10. Èske w te janm fè eksperyans pandan yon peryòd kote ou te santi w toudi oswa dezoryante akoz ou te frape nan tèt oswa akoz ou te trangle oswa toufe? Wi Non

11. Si wi, pandan konbyen tan ou te santi w toudi oswa dezoryante:

- a. Kèk minit
- b. Èdtan
- c. Jou
- d. Mwa
- e. Pa sèten

12. Pandan konbyen fwa ou te santi w konsa:

- a. 1-3
- b. 4-6
- c. Plis pase 6
- d. Pa sèten

13. Èske w te janm, oswa kounye a ou te gen nenpòt pwoblèm nan lavi chak jou ou akòz yon frape nan tèt ou oswa akòz ou te trangle oswa toufe? Wi Non

14. Èske w te janm, oswa kounye a ou te gen nenpòt nan pwoblèm ki annaprè yo apre blesi ou an? Èske se te nan tan lontan, oswa èske ou genyen yo kounye a, oswa toulède?

		Wi	Non	Kounye a	Nan tan lontan
a. Fizik					
	Tèt fè mal				
	vètij				
	Kè plen				
	Pwoblèm vizyon				
	Pwoblèm balans				
	Fatig				
	Somèy fèb				
	Chanjman nan kapasite pou pran gou oswa pou pran sant				
b. Mantal					
	Pwoblèm pou sonje bagay yo				
	Pwoblèm pou konsantre oswa pou prete atansyon				
	Pwoblèm pou kòmanse bagay yo				
	Pwoblèm pou rete òganize				
c. Emosyonèl					
	Santi w gen konfizyon				
	Santi w chimerik oswa enpasyan				
	Ou santi w enkyete oswa enève				
	Santi w tris oswa sanzespwa				

Tan pou administre: 10-20 minit. Yo ta dwe ranpli nan yon fòma entèvyou en-a-en lè w itilize plim ak papye.

Evalye Zouti Depistaj HELPsi la:

Yon tès depistaj HELPsi konsidere pozitif pou yon **posib** TBI lè yo idantifye 3 atik ki annaprè yo:

- 1.) Yon evènman ki te kapab lakòz yon blesi nan sèvo (wi pou kesyon 1 oswa 5), **ak**
- 2.) Yon peryòd pèt konesans oswa chanjman nan konsyans apre aksidan an oswa yon lòt endikasyon ke aksidan an te grav (wi pou kesyon 5, 8, oswa 10), **ak**
- 3.) Prezans de oswa plizyè pwoblèm kwonik ki pa te prezan anvan aksidan an.